Qaraqalpaqstan Respublikası
Statistika basqarması

*Járiyalanıw sánesi:*
*27.04.2026 j.*

**PRESS-RELIZ**
*Qaraqalpaqstan Respublikasında awıl, toǵay hám balıqshılıq xojalıǵı*

## Qaraqalpaqstan Respublikasında awıl, toǵay hám balıqshılıq xojalıǵı

*2026-jıl yanvar-mart ayları ushın*

I. Awıl, toǵay hám balıqshılıq xojalıǵı ónim (xızmet)leri kólemi
II. Qaraqalpaqstan Respublikası awıl, toǵay hám balıqshılıq xojalıǵı ónim (xızmet)leri kólemi aymaqlar kesiminde
III. Awıl xojalıǵı ónimlerin jetistiriw
IV. Metodikalıq túsinikler

## I. Awıl, toǵay hám balıqshılıq xojalıǵı ónim (xizmat)leri kólemi

Dáslepki maǵlıwmatlarǵa bola, 2026-jıldıń yanvar-mart aylarında awıl, toǵay hám balıqshılıq xojalıǵı ónim (xızmet)leriniń ulıwma kólemi 2 008,1 mlrd. somdı, sonıń ishinde, diyqanshılıq hám sharwashılıq, ańshılıq hám usı tarawlarda kórsetilgen xızmetler – 1 794,1 mlrd. somdı, toǵay xojalıǵı – 191,9 mlrd. somdı, balıqshılıq xojalıǵı – 22,2 mlrd. somdı quradı.

**Qaraqalpaqstan Respublikasında 2026-jıl yanvar-mart aylarında awıl, toǵay hám balıqshılıq xojalıǵı ónim (xızmet)leri kóleminiń ósiw páti**




## II. Qaraqalpaqstan Respublikası aymaqları kesiminde awıl, toǵay hám balıqshılıq xojalıǵı ónim (xızmet)leri kólemi

Aymaqlar kesiminde awıl, toǵay hám balıqshılıq xojalıǵı ónimleri (xızmetleri) niń 2025-jıldıń sáykes dáwirine salıstırǵanda ósiw pátlerin analizlegende joqarı ósiw pátleri Moynaq (119,1%), Qanlıkól (107,6%), Kegeyli (105,5%), Nókis (104,3%), Beruniy (103,8%) hám Xojeli (103,8%) rayonlarında gúzetildi.

Basqa aymaqlarǵa salıstırǵanda Qaraózek (100,4%), Ellikqala (100,4%), Taqıyatas (100,5%) hám Ámiwdárya (100,6%) rayonlarında kerisinshe ósim pátleri tómenligi baqlandı.

## Awıl, toǵay hám balıqshılıq xojalıǵı ónim (xızmet)leri kólemi aymaqlar kesiminde

| | Kólemi mlrd som | Ósim páti % te |
|---|---|---|
| ı | **2 008,1** | **102,4** |
| Nókis q. | 23,7 | 102,1 |
| Ámiwdárya | 317,5 | 100,6 |
| Beruniy | 231,8 | 103,8 |
| Bozataw | 61,9 | 100,7 |
| Qaraózek | 69,9 | 100,4 |
| Kegeyli | 80,6 | 105,5 |
| Qońırat | 98,5 | 101,4 |
| Qanlıkól | 70,9 | 107,6 |
| Moynaq | 28,6 | 119,1 |
| Nókis | 70,1 | 104,3 |
| Taqıyatas | 77,0 | 100,5 |
| Taxtakópir | 63,0 | 101,9 |
| Tórtkúl | 179,7 | 103,6 |
| Xojeli | 113,4 | 103,8 |
| Shımbay | 228,6 | 100,7 |
| Shomanay | 86,6 | 102,2 |
| Ellikqala | 206,3 | 100,4 |

### III. Awıl xojalıǵı ónimlerin jetistiriw

2026-jıldıń yanvar-mart aylarında jetistirilgen awıl xojalıǵı ónimleri kólemi 1 751,5 mlrd somdı yaki 2025- jıldıń sáykes dáwirine salıstırǵanda 103,1 % ti, sonnan, diyqanshılıq ónimleri 143,5 mlrd somdı (129,5 %), sharwashılıq ónimleri 1 608,0 mlrd somdı (100,9 %) quradı.

Aymaqlar kesiminde awıl xojalıǵı ónimleriniń eń joqarı kólemi Ámiwdárya (276,6 mlrd som), Beruniy (219,8 mlrd som), Ellikqala (194,4 mlrd som) hám Tórtkúl (171,4 mlrd som) rayonlarında gúzetildi.

Kerisinshe kem kólemge iye aymaqlarǵa Nókis qalası (14,5 mlrd som), Moynaq rayonı (20,1 mlrd som) hám Bozataw rayonın (54,9 mlrd som) keltirip ótiw múmkin.

Joqarı ósim pátleri Nókis qalası (113,8 %), Ámiwdárya (105,6 %), Qanlıkól (105,5 %) Tórtkúl (104,8 %), hám Shımbay (103,6 %) rayonlarında gúzetildi.

Moynaq (100,0 %), Bozataw (100,2 %), hám Xojeli (100,8 %) rayonlarında bolsa basqa aymaqlarǵa salıstırǵanda ósim pátleri tómenligi gúzetildi.

## Jetistirilgen awıl xojalıǵı ónimleriniń xojalıq túrleri boyınsha bólistiriliwi




Xojalıq túrleri boyınsha analizler, awıl xojalıǵı ónimleri ulıwma kóleminiń 85,5 % i diyqan hám qıytaq jer xojalıqlarına, 6,7 % i fermer xojalıqlarına, 7,8 % i awıl xojalıǵı menen shuǵıllanıwshı kárxanalarǵa tuwrı keliwin kórsetpekte.

### Diyqanshılıq ónimlerin jetistiriw

| | Kólemi, mlrd som | Ósim páti % te |
|---|---|---|
| **ı** | **143,5** | **129,5** |
| Nókis q. | 0,1 | 129,5 |
| Ámiwdárya | 37,3 | 129,4 |
| Beruniy | 19,2 | 125,8 |
| Bozataw | 0,5 | 132,6 |
| Qaraózek | 4,0 | 129,5 |
| Kegeyli | 2,5 | 129,5 |
| Qońırat | 7,4 | 129,5 |
| Qanlıkól | 14,5 | 129,5 |
| Moynaq | 0,4 | 129,5 |
| Nókis | 4,4 | 129,5 |
| Taqıyatas | 5,5 | 131,6 |
| Taxtakópir | 3,5 | 129,5 |
| Tórtkúl | 13,7 | 134,2 |
| Xojeli | 3,9 | 129,5 |
| Shımbay | 7,7 | 129,5 |
| Shomanay | 4,9 | 129,5 |
| Ellikqala | 14,0 | 129,6 |

### Jetistirilgen tiykarǵı túrdegi diyqanshılıq ónimleriniń

### xojalıq kategoriyaları boyınsha bólistiriw




### 2026-jıldıń yanvar-mart aylarında jetistirilgen tiykarǵı túrdegi diyqanshılıq ónimleri (tonna)

| | *Ovosh* | *2025-jıldıń sáykes dáwirine salıstırǵanda, % te* |
|---|---|---|
| **Respublikası** | **435,1** | **129,5** |
| Nókis q. | - | - |
| Ámiwdárya | 140,8 | 127,9 |
| Beruniy | 20,0 | 43,8 |
| Bozataw | 0,8 | - |
| Qaraózek | - | - |
| Kegeyli | - | - |
| Qońırat | - | - |
| Qanlıkól | -- | - |
| Moynaq | - | - |
| Nókis | - | - |
| Taqıyatas | 183,8 | 134,0 |
| Taxtakópir | - | - |
| Tórtkúl | 33,0 | - |
| Xojeli | - | - |
| Shımbay | - | - |
| Shomanay | - | - |
| Ellikqala | 56,7 | 131,9 |

Esabat dáwirinde ovoshlardıń 0,0 % i fermer xojaliqları, 34,2 % i diyqan hám qıytaq jer xojalıqları, 65,8 % i awıl xojalıǵı menen shuǵıllanıwshı kárxanalar tárepinen jetistirilgen.

### Sharwashılıq ónimlerin jetistiriw

2026-jıldıń yanvar-mart aylarında jetistirilgen sharwashılıq ónimleri kólemi 1 608,0 mlrd somdı yaki 2025-jıldıń sáykes dáwirine salıstırǵanda 100,9 % i quradı.

Aymaqlar kesiminde sharwashılıq ónimleriniń eń joqarı kólemi Ámiwdárya (239,3 mlrd som), Beruniy (200,5 mlrd som), Ellikqala (180,3 mlrd som) Tórtkúl (157,7 mlrd som) hám Shımbay (118,9 mlrd som) rayonlarında gúzetildi.

Kerisinshe kem kólemge iye aymaqlarǵa Nókis qalası (14,4 mlrd som), Moynaq rayonı (19,7 mlrd som) hám Qanlıkól rayonın (51,7 mlrd som) keltirip ótiw múmkin.

Joqarı ósim pátleri Nókis (113,7 %) qalası hám Tórtkúl (102,5 %), Ámiwdárya (102,0 %), Shımbay (102,0 %), Kegeyli (101,7 %) rayonlarında gúzetildi.

Esabat dáwirinde tiri salmaqta jetistirilgen gósh kólemi 2025-jıldıń sáykes dáwirine salıstırǵanda 101,1 % i, sawıp alınǵan sút 100,0 % i, alınǵan máyek 104,3 % i, qırqıp alınǵan jún 0,0 % i, alınǵan qarakól teri 113,6 % i quradı.

## Jetistirilgen tiykarǵı túrdegi sharwashılıq ónimleri hám awlanǵan balıqlar

| | Muǵdarı | Ósiw (kemeyiw) páti, % te |
|---|---|---|
| **Gósh** (tirik salmaqta), **mıń tonna** | **17,5** | **101,1** |
| sonnan: | | |
| fermer xojalıqları | 0,7 | 101,9 |
| diyqan hám qıytaq jer xojalıqları | 16,3 | 101,1 |
| awıl xojalıǵı menen shuǵıllanıwshı kárxanalar | 0,4 | 99,6 |
| **Sút, mıń tonna** | **59,8** | **100,0** |
| sonnan: | | |
| fermer xojalıqları | 8,4 | 96,0 |
| diyqan hám qıytaq jer xojalıqları | 50,3 | 100,8 |
| awıl xojalıǵı menen shuǵıllanıwshı kárxanalar | 1,0 | 96,7 |
| **Máyek, mln. dana** | **86,1** | **104,3** |
| sonnan: | | |
| fermer xojalıqları | 3,9 | 100,1 |
| diyqan hám qıytaq jer xojalıqları | 71,4 | 105,1 |
| awıl xojalıǵı menen shuǵıllanıwshı kárxanalar | 10,8 | 100,4 |
| **Jún, tonna** | **16,5** | **-** |
| sonnan: | | |
| fermer xojalıqları | 11,9 | - |
| diyqan hám qıytaq jer xojalıqları | 0,03 | - |
| awıl xojalıǵı menen shuǵıllanıwshı kárxanalar | 4,6 | - |

*dawamı*

| | Muǵdarı | Ósiw (kemeyiw) páti, % te |
|---|---|---|
| **Qarakól teri, mıń dana** | **24,9** | **113,6** |
| sonnan: | | |
| fermer xojalıqları | 0,5 | 75,6 |
| diyqan hám qıytaq jer xojalıqları | 24,4 | 115,2 |
| awıl xojalıǵı menen shuǵıllanıwshı kárxanalar | 0,0 | 2,5 |
| **Balıq, mıń tonna** | **0,9** | **101,5** |
| sonnan: | | |
| fermer xojalıqları | 0,2 | 104,0 |
| diyqan hám qıytaq jer xojalıqları | 0,3 | 124,0 |
| awıl xojalıǵı menen shuǵıllanıwshı kárxanalar | 0,4 | 86,0 |

2026-jıl yanvar-mart aylarında jetistirilgen sharwashılıq ónimleri haqqındaǵı maǵlıwmatlardı xojalıq túrleri boyınsha analizlegende, jetistirilgen góshtiń ulıwma kóleminen 4,3 % i fermer xojalıqlarına, 93,4 % i diyqan hám qıytaq jer xojalıqlarına, 2,3 % i awıl xojalıǵı menen shuǵıllanıwshı kárxanalarǵa tuwrı keliwin atap ótiw lazım.

Soǵan sáykes túrde sawıp alınǵan súttiń 14,1 % i fermer xojaliqlarına, 84,1 % i diyqan hám qıytaq jer xojalıqlarına, 1,8 % i awıl xojalıǵı menen shuǵıllanıwshı kárxanalarǵa tuwrı keldi.

Sonıń menen birge, alınǵan máyektiń 4,6 % i fermer xojalıqlarına, 82,9 % i diyqan hám qıytaq jer xojalıqlarına, 12,5 % i awıl xojalıǵı menen shuǵıllanıwshı kárxanalarǵa tuwrı keldi.

Sonday-aq, qirqip alınǵan júnniń 72,2 % i fermer xojalıqlarına, 0,2 % i diyqan hám qıytaq jer xojalıqlarına, 27,6 % i awıl xojalıǵı menen shuǵıllanıwshı kárxanalarǵa tuwrı keldi.

Bunnan basqa, alınǵan qarakól teriniń 1,9 % i fermer xojalıqlarına, 98,0 % i diyqan hám qıytaq jer xojalıqlarına, 0,1 % i awıl xojalıǵı menen shuǵıllanıwshı kárxanalarǵa tuwrı keldi.

Óz gezeginde, awlanǵan balıqlardıń 20,5 % i fermer xojalıqlarına, 38,3 % i diyqan hám qıytaq jer xojalıqlarına, 41,2 % i awıl xojalıǵı menen shuǵıllanıwshı kárxanalarǵa tuwrı kelgenligin atap ótiw lazım.

## 2026-jıldıń yanvar-mart aylarında jetistirilgen tiykarǵı túrdegi sharwashılıq ónimleri hám awlanǵan balıqlar

| | ***Gósh*** *(tiri salmaqta) (mıń tonna)* | ***Sút*** *(mıń tonna)* | ***Máyek,*** *mln dana* | ***Baliq*** *(tonna)* |
|---|---|---|---|---|
| **Respublikası** | **17,5** | **59,8** | **86,1** | **870** |
| Nókis q. | 0,2 | 0,2 | 2,0 | 0,0 |
| Ámiwdárya | 2,5 | 9,5 | 15,5 | 192 |
| Beruniy | 2,2 | 7,0 | 10,7 | 44 |
| Bozataw | 0,6 | 1,9 | 1,7 | 13 |
| Qaraózek | 0,7 | 1,9 | 1,6 | 13 |
| Kegeyli | 0,8 | 2,8 | 2,9 | 71 |
| Qońırat | 0,9 | 2,8 | 8,6 | 36 |
| Qanlıkól | 0,6 | 1,9 | 3,5 | 15 |
| Moynaq | 0,3 | 0,4 | 0,7 | 27 |
| Nókis | 0,6 | 2,1 | 3,9 | 27 |
| Taqıyatas | 0,7 | 3,0 | 2,5 | 8 |
| Taxtakópir | 0,7 | 1,6 | 1,1 | 19 |
| Tórtkúl | 1,5 | 7,0 | 10,7 | 62 |
| Xojeli | 1,0 | 4,3 | 3,6 | 82 |
| Shımbay | 1,3 | 4,3 | 6,5 | 196 |
| Shomanay | 0,7 | 3,8 | 3,5 | 17 |
| Ellikqala | 2,2 | 5,4 | 7,1 | 49 |

## IV. Awıl, toǵay hám balıqshılıq xojalıǵı boyınsha metodikalıq túsindirmeler hám metamaǵlıwmatlar

**Awıl, toǵay hám balıqshılıq xolaıǵı ónim(xizmet)leri jalpı islep shıǵarıw kólemi** – tarawda óz tutınıwı hám satıw ushın jaratılǵan ónim hám xızmetlerdiń ulıwma qunı. Awıl, toǵay

hám balıqshılıq xolaıǵı ónim(xizmet)leri jalpı islep shıǵarıwı diyqanshılıq hám sharwashılıq ónim(xizmet)leri jalpı islep shıǵarıwı, ańshılıq xojalıǵında, toǵayshılıq hám aǵash tayarlaw, balıq awlaw hám akvakultura tarawında jetistirilgen ónim(xizmet)ler qunı tiykarında qáliplestiriledi.

**Awıl xojalıǵı ónimleri** – esabat dáwirinde fermer xojalıqlarında, diyqan hám qıytaq jer xojalıqlarında hámde awıl xojalıǵı menen shuǵıllanıwshı kárxanalarda jetistirilgen diyqanshılıq hám sharwashılıq ónimleriniń jámi qunın belgilep, awıl xojalıǵında ónim jetistiriwdiń ulıwma kólemin ańlatadı.

**Fermer xojalıǵı** – ijaraǵa berilgen jer uchastkalarınan paydalanǵan halda awıl xojalıǵı ónimlerin jetistiriw hámde nızamshılıqta qadaǵan etilmegen basqa xızmet túrleri menen shuǵıllanıwshı isbilermenlik subekti.

**Diyqan xojalıǵı** – miyras etip qaldırılǵan ómirbaxıy iyelik etiw yaki ijara huqıqı tiykarında diyqan xojalıǵı baslıǵına berilgen jer uchastkasında awıl xojalıǵı ónimlerin jetistiriwdi hám realizaciya etiwdi diyqan xojalıǵı aǵzalarınıń miyneti tiykarında ámelge asırıwshı xojalıq.

**Qiytaq jer xojalıǵı** – jeke qıytaq jer uchastkalarında awıl xojalıǵı ónimlerin hám erkin sawda ushın, hám shańaraq mútájlikleri ushın jetistiriw (qayta islew) menen baylanıslı miynet iskerligi.

**Awıl xojalıǵı menen shuǵıllanıwshı kárxanalar** – awıl xojalıǵı ónimlerin jetistiriwshi, awıl xojalıǵı islep shıǵarıwına xizmet kórsetiwshi, xojalıq júritiw processinde jerge hámde basqa islep shıǵarıw múlklerine iyelik etiwshi yuridikalıq shaxs huqıqına iye xojalıq júrgiziwshi subekt esaplanadı.

**Mallar bas sanı** – xojalıq túrleri boyınsha barlıq jas kategoriyalarındaǵı tiykarǵı túrdegi sharwa malların óz ishine aladı (iri shaqlı qaramallar, sonnan sıyırlar, qoy hám eshkiler, shoshqalar hám t.b.)

**Gosh jetistiriw** – soyıw ushın satılǵan hámde óz xojalıǵında soyılǵan barlıq túrdegi awıl xojalıǵı haywanları hám quslardıń tiri salmaǵın óz ishine aladı.

**Sút jetistiriw** – jas mallarǵa ishkiziw ushın sawıp alınǵan sút hám uwız sútin qosqan halda, haqıyqatta sawıp alınǵan sıyır, eshki, qoy, biye hám túye sútleri menen anıqlanadı. Baspaqlar emgen sút jalpı sawıp alıwǵa kiritilmeydi.

**Máyek jetistiriw** – barlıq túrdegi quslardan alınǵan hámde túye tawıqlar menen hám inkubatorda shóje shıǵarıw ushın paydalanılǵan máyekler muǵdarın óz ishine aladı.

**Metamaǵlıwmat ushın silteme:**

https://lib.stat.uz/uz/features/qishloq-xo-jaligi-va-ekologiya/685-qishloq-o-rmon-va-baliqchilik-xo-jaligi-mahsulot-xizmat-lari-yalpi-ishlab-chiqarishini-hisoblash-bo-yicha-uslubiy-nizom-2

| Tayarlaw ushın juwapker: | Orınlawshı: | Manzil: |
|---|---|---|
| Awıl xojalıǵı hám qorshaǵan ortalıq statistikası bólimi | N. Madreymov<br>61 222-76-07 (9610) | 230103, Nókis, A. Dosnazarov kóshesi, 97 a-úy<br>**Pochta**: info@qrstat. uz |